



# DWA AK RESPONSABILITE POU PWOGGRAM FANM, TIBEBE AK TIMOUN (WIC AN ANGLÈ)

## Pwogram Nitrisyon WIC Massachusetts

### Dwa yo

- ✓ Mwen gen dwa pou m resevwa benefis ak sèvis nitrisyon jiskaske peryòd sètifikasyon mwen fini.
- ✓ Mwen gen dwa pou m transfere ale nan yon lòt pwogram WIC nan eta Massachusetts (MA) oswa nan nenpòt lòt eta.
- ✓ Mwen gen dwa pou m resevwa yon avi (15 jou oswa pi piti) si mwen menm oswa pitit mwen pa kalifye pou n resevwa benefis WIC yo ankò.
- ✓ Mwen gen dwa pou m pote yon plent si mwen santi anplwaye WIC oswa anplwaye magazen yo trete m yon fason ki enjis.
- ✓ Mwen gen dwa, antanke yon kliyan WIC, pou m pase yon bon eksperyans pandan m ap achte. Yo dwe trete kliyan WIC yo menm jan ak tout lòt kliyan yo. Si w gen nenpòt pwoblèm oswa enkyetid an rapò ak eksperyans ou fè pandan w ap achte, kontakte pwogram nan lapoula, oswa rele Depatman Vant nan Biwo Eta nan 1-800-WIC-1007.
- ✓ Mwen gen dwa pou m jwenn yon odyans ki jis si yo deside mwen pa kalifye oswa si yo retire m sou pwogram nan. Si mwen santi desizyon an pa t jis, mwen gen dwa fè yon aplikasyon pou yon odyans jis lè m ekri WIC Program, 250 Washington Street, 6<sup>th</sup> floor, Boston, MA 02108 attn: WIC Director, oswa lè m rele nan 1-800-WIC-1007 pou m jwenn sipò.

### Responsabilite yo

- ✓ Mwen pral trete anplwaye WIC ak anplwaye magazen yo avèk respè.
- ✓ Mwen konprann ke lè m pataje adrès imèl ak nimewo telefòn mwen, sa vle di mwen bay pwogram WIC pèmisyon pou yo kontakte m pa mwayen imèl, telefòn, ak/oswa mesaj tèks pou yo ka fè mwen sonje randevou a, pataje enfòmasyon, fè sondaj patisipan chak ane, avèti m lè gen lèt bebe/pwodui ki pa bon, ak/oswa lè bagay yo fèmen an ijans.
- ✓ Mwen konprann si m pa vle yo kontakte m pa mwayen imèl, telefòn, ak/oswa mesaj tèks ankò, mwen gendwa anile pèmisyon mwen lè m di pwogram WIC sa.
- ✓ Mwen konprann si Kat WIC mwen an vin pèdi, yo vòlè l, oswa li domaje, mwen dwe rele klinik WIC la lapoula.
- ✓ Mwen konprann mwen gendwa achte sèlman manje WIC apwouve ki sou Kat WIC mwen an, e mwen pa gendwa chanje sa pou lòt lèt bebe oswa lòt manje yo.
- ✓ Mwen konprann y ap retire m nan pwogram WIC la si mwen pa pran benefis pandan 2 mwa.
- ✓ Mwen konprann si m poste lèt bebe/manje sou Entènèt pa mwayen Craigslist, Facebook, elatriye, pou m ka vann bagay mwen jwenn gras a benefis WIC yo, oswa si m boukante oswa fè kado lèt bebe/manje WIC yo, sa ap fè m diskalifye pandan jiska ennan e mwen dwe remèt lajan pou tout benefis sa yo.
- ✓ Mwen konprann mwen dwe remèt tout lèt bebe/manje WIC mwen pa itilize yo bay klinik WIC la.
- ✓ Aprezan, mwen p ap resevwa benefis WIC nan men okenn lòt pwogram, anba yon lòt non, oswa nan yon lòt eta.
- ✓ Mwen pral fè anplwaye WIC yo konnen si m resevwa lèt bebe nan men MassHealth oswa lòt konpayi asirans.
- ✓ Mwen konprann mwen pral fè WIC konnen si revni fanmi, adrès lakay, adrès imèl, oswa nimewo telefòn mwen chanje.
- ✓ Mwen konprann yo gendwa retire m nan pwogram nan si m menase anplwaye WIC oswa anplwaye magazen yo yon fason fizik oswa oral.
- ✓ Mwen konprann yo gendwa retire m nan pwogram nan si m bay fo enfòmasyon pou m jwenn benefis WIC yo, san wete enfòmasyon konsènan idantite, adrès, ak revni fanmi mwen (lajan tout moun lakay fè, pansyon sipò timoun, revni lokatè, ak nenpòt lòt lajan ki antre) ak enfòmasyon medikal oswa sante yo.

### Pataje Enfòmasyon/Konfidansyalite

- ✓ Mwen konprann yo gendwa pataje non, adrès, nimewo telefòn, ak dat nesans mwen menm ak pitit mwen avèk lòt pwogram sante ak sèvis moun yo pou yo kapab ede fanmi mwen e wè si nou kalifye pou pwogram Head Start/Early Head Start Massachusetts ak Depatman Èd Tranzisyonèl (Department of Transitional Assistance, DTA) ki administre Pwogram Èd Manje Siplementè (Supplemental Nutrition Assistance Program, SNAP).
- ✓ Mwen konprann si pitit mwen enskri nan pwogram Head Start/Early Head Start, yo gendwa pataje enfòmasyon ki nan men WIC, tankou non, adrès, ak dat nesans pitit mwen, plis detay sou sa li manje, wotè, pwa, nivo plon, ak nivo emoglobin/ematokrit li, avèk Pwogram Head Start/Early Head Start yo pou ede yo kowodone swen an.

- ✓ Mwen konprann, antanke yon fanm ki fèk akouche, yo gendwa pataje adrès ak/oswa nimewo telefòn mwen avèk Sistèm Jesyon Evelyasyon Risk Depatman Sante Gwosès la (Department of Public Health's Pregnancy Risk Assessment Monitoring System) pou envite m konplete yon sondaj sou gwosès.
- ✓ Mwen konprann yo gendwa pataje enfòmasyon mwen ak enfòmasyon ptit mwen tankou non, adrès, nimewo telefòn, dat nesans, sèks, ras, etnisite, lang pale, tès plon, rezulta ak dat egzamen plon si aplikab, nimewo idantifikasiyon manm WIC, ak domèn sèvis WIC avèk Pwogram Prevansyon Anpwazònman Plon pou Timoun ki fè pati Depatman Sante Biblik la, pou yo kapab evite, teste, e idantifye anpwazònman plon pou timoun. Si yo wè pitit mwen poko fè tès san pou plon, Pwogram Epidemi Anviwònman ak Prevansyon Anpwazònman Plon pou Timoun ki fè pati Depatman Sante Biblik pral kontakte m pou fè yon tès san pou plon.
- ✓ Pwogram sa yo pa gendwa itilize enfòmasyon WIC ba yo pou okenn lòt rezon, sèlman pou yo ede moun an rapò ak pwogram espesifik pa yo, e yo pa gendwa fè okenn lòt moun konnen ou menm oswa fanmi w ap patisipe nan WIC. Nenpòt lòt moun dwe jwenn pèmisyon w alekri pou yo jwenn aksè a dosye WIC ou, eksepte si lalwa egzije sa.

### USDA Deklarasyon Non-Diskriminasyon

Pou tout lòt pwogram asistans nitrisyon FNS yo, ajans leta oswa lokal yo, ak sou-benefisyè yo, yo dwe afiche Deklarasyon kont diskriminasyon sa a:

Dapre lwa sou dwa civil federal ak règleman ak politik Depatman Agrikilti Ameriken (USDA), enstitisyon sa a entèdi pou fè diskriminasyon sou baz ras, koulè, oriin nasional, sèks (ki gen ladan idantite sèks ak oryantasyon seksyél), andikap, laj, oswa reprezay oswa revanj pou aktivite anvan dwa civil yo.

Yo kapab mete enfòmasyon sou pwogram yo disponib nan lòt lang ki pa Angle. Moun ki gen andikap ki bezwen lòt mwayer komunikasyon pou jwenn enfòmasyon sou pwogram yo (pa egzanp, Bray, gwo lèt, kasèt odyo, Lang siy Ameriken), ta dwe kontakte responsab Ajans Eta oswa lokal ki administre pwogram lan oswa USDA's TARGET Center nan (202) 720-2600 (vwa ak TTY) oswa kontakte USDA atravè Sèvis Relay Federal la nan (800) 877-8339.

Pou depoze yon plent pou diskriminasyon nan pwogram lan, yon moun k ap pote plent ta dwe ranpli yon Fòm AD-3027, Ou kapab jwen yon Fòmilè pou Plent sou Diskriminasyon nan Pwogram USDA a sou Entènèt nan:  
<https://www.fns.usda.gov/sites/default/files/resource-files/ad3027-haitian-creole.pdf>, nan nenpòt biwo USDA, lè w rele 866-632-9992, oswa lè w ekri yon lèt ki adrese bay USDA. Lèt la dwe genyen non moun k ap pote plent lan, adrès, nimewo telefòn, ak yon deskripsiyon alekri sou swadizan aksyon diskriminatwa a ak ase detay pou enfòme Asistan Sekretè Dwa Sivil la (ASCR) sou nati ak dat yon swadizan vyolasyon dwa civil la. Ou dwe soumèt fòm oswa lèt AD-3027 ki ranpli nan USDA pa:

**(1) pa lapòs:**

U.S. Department of Agriculture  
 Office of the Assistant Secretary for Civil Rights 1400 Independence Avenue,  
 SW  
 Washington, D.C. 20250-9410; oswa

**(2) faks:**

(833) 256-1665 oswa (202) 690-7442; oswa

**(3) imèl:**

[program.intake@usda.gov](mailto:program.intake@usda.gov)

Enstitisyon sa a se yon founisè opòtinite egalego.

